**दिन–रवि** **दिनांक–11.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्लीक भारतीय कृषि अनुसंधान संस्थान मे उच्च पैदावार जलवायु अनुकूल आ जैव सशक्त एहेन फसिल सभक एक सय नओ किस्म जारी कयलनि अछि। ई किस्म पैंसठि फसिलक अछि जे खेती आ बागवानी फसिल सभ अछि। खेत फसिल मे बाजरा, तेलहन, दलहन, कुसियार, कपास आ आन फसिल सभक बीज सम्मिलित अछि। बागवानी फसिल सभ मे फल, तरकारी, कंदमूल, मसाला, फूल आ औषधि पौधाक बीज अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री किसान आ वैज्ञानिक सभ सँ गपशप सेहो कयलनि। नव फसिल किस्म सभ पर प्रधानमंत्री कहलनि अछि जे एहि सँ कृषि मे मूल्यवर्द्धन सेहो होयत। एहि दरमियान किसान सभ कहलनि जे नव किस्म सँ हुनक खर्चा मे कमी आओत आ पर्यावरण पर सकारात्मक प्रभाव पड़त।

---

नटवर सिंह के काल्हि हरियाणाक गुरूग्राम मे नम्हर बीमारीक बाद निधन भऽ गेल। ओ तिरानवें वर्षक छलाह। हुनका वर्ष उन्नैस सय चौरासी मे पद्म भूषण सँ सम्मानित कयल गेल छल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पूर्व विदेश मंत्री नटवर सिंह के निधन पर असीम शोक जतौलनि अछि। श्री मोदी कहलनि जे पूर्व विदेश मंत्री वैश्विक कूटनीति आ विदेश नीति मे समृद्ध योगदान देलनि। ओतहि, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो पूर्व विदेश मंत्री नटवर सिंहक निधन पर शोक संवेदना जतौलनि अछि।

---

आइ शहादत दिवस अछि। वर्ष उन्नैस सय बियालिस मे अगस्त क्रांतिक दरमियान प्रदेशक सात विद्यार्थी सभ शहादत दऽकऽ पटना सचिवालय पर तिरंगा फहरौने छलाह। एहि सात अमर शहीद सभ के स्मरण मे आइ पटना स्थित शहीद स्मारक पर राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मूख्यमंत्री नीतीश

कुमार सहित आन गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। ओतहि, शहीद खुदीराम बोस के शहादतक स्मरण मे आई मुजफ्फरपुर स्थित केन्द्रीय कारा मे श्रद्धांजलि कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दरमियान तिरहुत प्रमंडलक आयुक्त गोपाल मीणा, पुलिस महानिरीक्षक शिवदीप लांडे, जिला पदाधिकारी सुब्रत कुमार सेन आ बंगालक मिदनापुर सँ आयल कतेको लोक सभ अमर शहीद के प्रतिमा पर श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि।

———————————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भारी वर्षाक कारणे गंगा, गंडक आ कोसी सहित विभिन्न नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक अनुसार गंगा नदी पटनाक दीघा आ गांधी घाट आओर हथिदह मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। आयोग जलस्तर के आओर बढबाक संभावना जतौलक अछि। ओतहि, भागलपुरक कहलगांव मे सेहो गंगा नदी खतराक निशान सँ पन्द्रह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। बेगूसराय मे गंगा नदीक जलस्तर बढ़बा सँ बछवारा, तेघरा, बरौनी सहित कतेको प्रखंड मे बाढ़िक पानि पसरय लागल अछि जाहि सँ आवागमन प्रभावित भेल अछि। सोन नदीक जलस्तर पटनाक मनेर मे खतराक निशान के लऽग पास बनल अछि। गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे, बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे, कमला—बलान नदी मधुबनीक झंझारपुर मे आ परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढ़ीक ढेंगब्रिज, रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़िया बलतारा मे आ कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे रूकि—रूकि कऽ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान बक्सर, बांका आ भागलपुर जिलाक एक या दू स्थान पर भारी वर्षाक संभावना अछि। ओतहि, कैमूर आ रोहतास जिलाक एक दू स्थान पर भारी वर्षाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल। राज्य उत्तर—मध्य, उत्तर—पूर्व, दक्षिण—पश्चिम आ दक्षिण—पूर्व भागक एक दू स्थान पर मेघगर्ज आ वज्रपातक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

मुंगेर जिलाक असरगंज थाना क्षेत्र मे हाई वोल्टेज करेंट के चपेट मे अयबा सँ एक कमरथुआ के मृत्यु भऽ गेल। मृतक किशनगंज जिला रहयवला छलाह। पुलिस जनौलक जे सड़क कात ठाढ़ बस पर सवार कमरथुआ बिजलीक तारक चपेट मे आबि गेलाह जाहि सँ हुनक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि जमुई जिला मे सिकन्दरा–जमुई मुख्य मार्ग पर अगहरा गाम लऽग कमरथुआ सभ सँ भरल एक वाहन उनटि गेल जाहि सँ ओहि पर सवार आठ कमरथुआ घायल भऽ गेला।

---

समाप्त